



---

***DEPATMAN  
EDIKASYON ak  
swen TIMOUN PITI***

*Egzijans Sètifikasyon  
Kalifikasyon  
Pwofesyonèl ak  
Kesyon yo Poze  
Souvan*

---

*Kontakte EEC nan  
(617)988-6600  
mande pou  
Inité Kalifikasyon Pwofesyonèl oswa ekri EEC  
sou  
[eecprofdev@mass.gov](mailto:eecprofdev@mass.gov)*

*Depatman Edikasyon ak Swen Timoun piti  
Revize: Fevriye 2018*

## **SÈTIKASYON KALIFIKASYON PWOFESYONÈL** **Egzijans ak Pakè Enfòmasyon**

Egzijans EEC pou Sètifikasyon.....	3
Règleman pou Sètifikasyon .....	3
Edikasyon nan direksyon pou sètifikasyon:.....	3
Inite Edikasyon kap Kontinye (CEU):.....	4
Sètifika Pwogram nan:.....	4
Kondisyon Eksperryans Travay nan direksyon pou sètifikasyon.....	4
Pwogram altènativ Akseptab pou fòmasyon timoun piti: .....	5
Kondisyon pou dekonpozisyon sètifikasyon-an .....	6
ANÈKS: Kesyon moun poze souvan ~ Edikasyon .....	9
ANÈKS: Kesyon moun poze souvan ~ Eksperryans travay .....	10
ANÈKS: Kesyon moun poze souvan ~ Kesyon Jeneral sou Sètifikasyon .....	11

Si gen kesyon kontakte EEC nan:  
Telefòn: (617)988-6600 (mande pou Inite Kalifikasyon Pwofesyonèl)  
Imèl: eecprofdev@mass.gov

## Egzijans EEC pou Sètifikasyon

---

### Egzijans EEC pou Sètifikasyon

---

Pou travay nan yon gwo gwoup nan pwogram gad timoun kòm Pwofesè, Pwofesè Prensipal oswa Direktè ou dwe kalifye pou sa. Gen sis pozisyon ou dwe kalifye pou yo:

Pwofesè Bebe-Timoun Piti  
Pwofesè Matènèl

Pwofesè Prensipal Bebe-Timoun Piti  
Pwofesè Prensipal Matènèl

Direktè I  
Direktè II

**Tanpri gade Règleman EEC 606 CMR 7.09 (18) Lòt Kondisyon pou Gwo Gwoup ak Pwogram Swen Timoun ki gen Laj pou Lekòl k' ap Sèvi Timoun ki Poko gen Laj pou Lekòl. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou <http://www.mass.gov/edu/birth-grade-12/early-education-and-care/licensing/licensing-resources-for-group-and-school-age-child-care-programs/licensing-regulations-for-group-and-school-age-child-care.html>**

Edikasyon pou sètifikasyon:

---

Egzijans pou yon kategori etid dwe reponn a kredi yon etablisman ansèyman siperyè ki akredite, yon pwogram altènatif nan fòmasyon timoun piti oswa Inite Pèfeksyònman Pwofesyonèl (CEU) pou Timoun Piti nan kategori etid annapre yo:

1. Kwasans ak Devlopman Timoun, depi yo fèt Jiska Uit Lane
2. Pwogram Planifikasyon ak Anviwònman pou Jèn Timoun
3. Pwogram Edikatif pou Kad Timoun Piti
4. Jesyon Timoun nan ak Klas-la
5. Edikasyon oswa Devlopman Avanse oswa Espasyalize Timoun Piti
6. Timoun ki gen Bezwèn Espesyal, depi yo fèt jiska 16 lane
7. Devlopman, Swen ak Planifikasyon Pwogram pou ti Bebe ak Timoun Piti
8. Sante ak Sekirite Timoun Piti
9. Fanmi ak Kominote
10. Politik Swen pou timoun (**pa kapab itilize pou sètifikasyon Pwofesè Prensipal la**)
11. Sipèvizon oswa Devlopman Pèsonèl nan Edikasyon Timoun Piti (**pa kapab itilize pou sètifikasyon Pwofesè Prensipal la**)
12. Obsèvazyon, Dokimantasyon ak Evalyasyon Timoun yo
13. Administrasyon Sèvis Swen Timoun (**pa kapab itilize pou sètifikasyon Pwofesè Prensipal la**)

Ou ka konsilte gid kontni kategori etid yo sou sit entènèt EEC-a si w klike sou lyen annapre a:

<https://www.mass.gov/files/2017-08/EEC%20Revised%20Categories%20of%20Study%20May%202017.pdf>

Lis kou yon etablisman ansèyman siperyè ki akredite, yon pwogram altènatif nan fòmasyon timoun piti oswa Inite Pèfeksyònman Pwofesyonèl (An anglè CEU) pou Timoun Piti aliyen nan kategori etid yo disponib nan Unite Kalifikasyon Pwofesyonèl EEC si 'w ta gen bezwen. Pou lis kou yo, gade [EEC course catalog](#).

Pou kou sou entènèt yo, **Massachusetts Colleges Online (MCO)** se yon konsòsyòm ki gen 15 kolèj komunitè ak 9 ladan yo se kolèj leta Massachusetts. Enstitisyon yo mete ansanm pou pataje kou ak pwogram pratik e fleksib sou entènèt pou tout etidyan andedan kou deyò eta a. Men yon lyen pou w ale sou sit entènèt nou an: <http://www.mco.mass.edu/colleges.jsp>

## **Tanpri note ke kolèj nan peyi etranje yo dwe akredite nan peyi yo ye-a.**

### **Inite Pèfeksyònman Pwofesyonèl (An anglè CEU):**

Yon inite rekonesans pou reyisit yon pwogram aprantisaj timoun piti aprè segondè ki fèt pou anplwaye pwogram edikasyon ak swen timoun piti yo. Yo bay yon CEU pou 10 èdtan kontak. EEC ap aksepte CEU òganizasyon annapre yo bay:

1. Kolèj oswa inivèsite akredite: <https://ope.ed.gov/accreditation/>
2. **Asosyasyon Massachusetts pou Edikasyon Jèn Timoun** (MassAEYC): <http://www.massaeyc.com/>
3. **Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun** (NAEYC): <http://www.naeyc.org/>
4. **Kowalisyon Nasyonal pou Edikasyon ak Pwogram Kiltirèl** (NCECP): <http://www.ncecp.org/>
5. Enstiti Fòmasyon yo seleksyone ak Akreditasyon Asosyasyon Entènasyonal pou Fòmasyon Kontini <http://www.iacet.org/>
  - a. Yo aksepte sèlman sètfika *infant Toddler Certificate* nan Enstiti Edikasyon Timoun

### **Pwogram Sètfika:**

Asosye nan Devlopman Timoun (An anglè CDA), sètfika Montessori, Pwogram Sètfika yon lane Kolèj Kominotè a, oswa lòt pwogram preparasyon pwofesè timoun piti ki konbine 12 kredi ak yon estaj oswa yon eksperyans sipèvize ak yon konseye.

### **Egzijans nan eksperyans pou sètfikasyon**

#### **Eksperyans Travay an Gwoup/sou Sant**

Eksperyans travay la, ke li peye ou non, **li dwe reponn a agzijans sipèvizon pèsònèl la ki site nan 606 CMR 7.09(17) (b) & (c)**. Eksperyans travay la dwe se nan yon swen nan gwoup ki otorize-a, Fwaye Swen Familyal owa pwogram ekivalan ke Depatman an aksepte.

Eksperyans nan prestasyon **swen dirèk ak ansèyman** pandan tout tip aktivite nan pwogram yo pou yon gwoup timoun, **ki pokò genyen sèt lane** e ki pokò nan premye lane lekòl, oswa timoun jiska 16 lane ki gen bezwen espesyal, **omwen 12 èdtanan pa semenn**, sou yon baz regilye, pandan omwen yon peryòd de kat semenn nan yon pwogram.

Eksperyans traavay **mwen ke 12 èdtan pa semenn** nan dwe konte konsa:

- 50 èdtan travay regilye nan yon pwogram ki vo yon mwa eksperyans travay.
  - Egzijans sa-a baze sou yon minimòm de 12 èdtan pa semenn.
    - 12 èdtan pa semenn x 4.33 semenn = 51.96 èdtan nan yon mwa
    - 8 èdtan pa semenn x 4.33 semenn = 34.64 èdtan nan yon mwa; kandida sa a dwe travay 6.3 semenn pou li gen yon mwa.
  - Travay plis pase 12 èdtan pa semèn pa akselere tan'w. Yon mwa rete yon mwa.

**Ranplase pwofesè pafwa pa konte.** Men, yon pozisyon ranplasan "pèmanan" nan yon sant ap konte.

## Eksperyans Travay nan Fwaye Swen Familyal

- Travay kòm pwofesè nan Fwaye Swen Familyal Massachusetts (An Anglè FCC) ka konte si yo konsidere lisans aktyèl-la "an règ."
- Yon founisè FCC dwe soumèt lisans ki pi resan li an ak demann sètifikasyon pwofesè li a.
- EEC ap verifye estati lisans lan ansanm ak sipèvizè FCC-a pa imèl.
- Asistan FCC yo ka itilize eksperyans yo toutotan founisè FCC-a se yon Pwofesè Prensipal EEC ki sètifye.
- Yo pa aksepte eksperyans travay FCC deyò Massachusetts pou kounye a.

## Lòt pwogram Fòmasyon Timoun Piti ki Akseptab:

Yon pwogram fòmasyon aprè segondè pou pwofesè timoun piti yo, apwouve pa EEC, ki genyen etid inivèsité nan kategori yo mande yo epi omwen, yon estaj jan sa defini pi ba-a.

### **Estaj:**

Omwen 150 èdtan travay dirèk ak ti bebe ak timoun piti oswa timoun preskolè pandan uit semenn pou pi piti, sipèvize pa anplwaye yon lekòl ansèyman siperyè oswa yon pwogram fòmasyon altènatif fòmasyon timoun piti, ak omwen twa visit sou plas, tankou konferans, estaj ak yon pwofesè prensipal EEC ki se manm pèsonèl kalifye. Responsabilite moun k ap fe estaj la se planifye pwogram nan, relasyon ak paran yo epi jere gwoup la pandan yon pati nan estaj la. Estaj la dwe koresponn avèk laj kwonolojik ou devlopmantal apwopriye pou anplwaye yo ka travay ak gwoup laj ki koresponn nan. Yon estaj ka ranplase nèf mwa eksperyans travay. **Yon pre estaj, ke yo rele tou "travay sou teren" pa konsidere kòm yon eksperyans ansèyman konplè pou elèv yo, ni li pa konte pou eksperyans travay.**

### **Domèn Etid ki Lye:**

Yon pwogram nan yon sant ansèyman siperyè ki akredite ki gen etid sou swen, devlopman, edikasyon, swen sante oswa sikoloji timoun depi lè timoun nan fèk fèt jiska uit lane, oswa bay timoun yo ak fanmi yo swen dirèk.

#### **Egzanp Domèn ki Lye:**

Edikasyon Elementè  
Devlopman Timoun  
Diplòm ki gen rapò a timoun  
Diplòm ki gen rapò a fanmi  
Devlopman Imen  
Resous Imèn  
Enfimri  
Sikoloji  
Travay Sikoloji/Sosyal

#### **Egzanp diplòm ki pa gen rapò:**

Antreprenary  
Kominikasyon  
Jistis Penal  
Boza (Mizik/Dram)  
Sistèm Enfòmasyon/Odinatè/Teknoloji  
La Liberal  
Terapi Fizik  
Syans (Biyoloji/Syans Lavi)  
La Vizyèl

\*Tanpri sonje byen ke sa-a se pa yon lis konplè; tout diplòm yo ap revize ka pa ka.

## Egzijans repatisyon Sètifikasyon

Pou'w Ka Yon:	Ou Bezwén:	Ou Bezwén:
Nivo	Edikasyon	Eksperyans Travay
<b>Pwofesè (Sètifikasyon Nivo 1)</b> <b>Ti bebe/ Timoun e/oswa</b> <b>Matènèl</b>	<p> <ul style="list-style-type: none"> <li>3 kredi nan Kwasans ak Devlopman Timoun (<i>Kategori 1</i>)</li> <li>Ou dwe gen diplòm segondè (Oswa ou dwe genyen 21 lane);</li> </ul> </p> <p><b>Ranplasman Kou</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Sètifika Asosye nan Devlopman Timoun (An Anglè CDA) nan Konsèy Nasyonal Rekonesans lan; oswa</li> <li>Diplome nan yon pwogram gad timoun 2 zan apwouve nan Massachusetts depi lane 1989 ak lèt rekòmandasyon direktè pwogram lekòl segnodè a, yon kopi diplòm segondè a la ak relve de nòt ofisyèl klas tèminal-la.</li> </ul> <p><i>Lòt kou ka ranplase si yo voye yon deskripsyon kou ansanm ak relve de nòt la ki montre ke kou yo te gen rapò ak kwasans e devlopman timoun, de nesans jiska 8 a 12 lane.</i></p> <p><b>Kou ki PAP Ranplase:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Entwodiksyon nan Sikoloji, Kwasans Imèn ak Devlopman nan Lavi, oswa Skiloloji Devlopman nan Lavi</li> <li>CEU pou Devlopman Timoun pa Aksepte.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>9 mwa eksperyans;</li> <li>Pou kalifye pou alafwa pwofesè ti bebe-timoun piti ak matènèl ou dwe genyen pou pi piti</li> <li>3 mwa eksperyans nan chak gwoup; Eksperyans travay nan gwoup miiks timoun piti/matènèl pou sètifikasyon ti bebe-timoun piti ak matènèl.</li> <li>Yon estaj ki rele "Ansèyman elèv" tou, ranplase pandan 9 mwa epskeryans. Kredi pou estaj yo dwe verifye pa relve de nòt la ak yon fòmilè verifikasiyon estaj ke sipèvizè lekòl la ap siyen, oswa ankò yon lèt lekòl la ap bay sou papye a antèt li.</li> </ul> <p><b>Eksperyans Ranplasman:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Yon asosye oswa diplòm nan edikasyon timoun piti, oswa domèn ki gen rapò ak li yo ka ranplase 6 mwa eksperyans yo egzije yo;</li> <li>Yon diplòm oswa yon diplòm avanse nan yon domèn ki pa lye ap ranplase 3 mwa eksperyans travay.</li> </ul> <p><i>Pou yo konte eksperyans travay sa-a, kandida a dwe soumèt relve de nòt ofisyèl li ki montr ede diplòm li an "fini" oswa "konfere".</i></p>
	<p>Yon total 12 kredi nan Edikasyon Timoun Piti (Dwe gen kat (4) kategori etid diferan).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>3 kredi nan Kwasans e Devlopman Timoun</li> </ul>	<p><b>Yon Total de:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>36 mwa eksperyans si'w gen diplòm segondè, oswa</li> </ul>

<b>Pwofesè Prensipal (Sètifikasyon Nivo 2)</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ <b>plis:</b> 3 kredi kolèj nan planifikasyon pwogram (<i>Kategori 2</i>), pwogram edikatif timoun piti (<i>Kategori 3</i>), oswa jesyon konpòtman (<i>Kategori 4</i>) (<b>pou pwofesè prensipal matènèl</b>), ak/oswa</li> <li>▪ 3 kredi inivèsitè nan swen ak edikasyon bebe-timoun piti (<i>Kategori 7</i>) (<b>pou sètifikasyon pou pwofesè prensipal bebe-timoun piti</b>)</li> <li>▪ 6 lòt kredi yo ka nan gendwa nan lòt kategori etid sou edikasyon timoun piti eksepte Administrasyon Sèvis Gad Timoun ak lòt Kategori Lidèchip (<i>Kategori 10, 11, 12, or 13</i>)</li> <li>▪ (Gade pg.2 pou ka wè kategori etid yo).</li> </ul> <p><b>Ranplasman Edikasyon:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Yon Sètifika Asosye nan Developman Timoun (An Anglè CDA) nan Konsèy Nasional Rekonesans lan ranplase pou egzijans edikasyon pou pwofesè prensipal la, oswa</li> <li>▪ Initè Pèfeksyònman Pwofesyònèl (An anglè CEU) ka ranplase pa kredi kolèj. Ou ka itilize jiska 4 CEU pou ranplase yon kou 3 kredi. CEU-a dwe nan menm kategori etid la, oswa</li> <li>▪ Si w soumèt yon Sètifika <b>Orijinal</b> Montessori, ou dwe prezante relve de nòt ki di w fini <b>Kwasans e Developman Timoun</b>. Sètifikasi Montessori a dwe se nan yon pwogram afilye ki rekonèt pa Konsèy Akreditasyon Montessori pou Evalyasyon Pwofesè (An anglè MACTE).<sup>1</sup> Anplis de sètifikasi Montessori a, dwe gen 200 èdtan akademik nan klas plis 400 èdtan akademik deyò klas la (600 èdtan). 400 èdtan pratik nan klas plis 240 èdtan pratik deyò (640 èdtan).</li> <li>▪ Sètifikasyon PreK-3 Depatman Edikasyon Elementè e Segondè (An anglè DESE) ap kalifye yon moun kòm Pwofesè Prensipal Matènèl.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• 27 mwa eksperyans si'w gen yon sètifikasi EEC oswa yon diplòm asosye nan yon domèn ki pa gen rapò ak sa, oswa</li> <li>• 18 mwa eksperyans si'w gen yon diplòm asosye nan yon domèn ki relye ak sa oswa yon bakaloreya nan domèn ki pa lye ak sa, oswa</li> <li>• 9 mwa eksperyans si'w gen yon bakaloreya nan domèn ki lye ak sa.</li> </ul> <p><b>Ranplasman Eksperyans Travay:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Yon estaj ki rele "Ansèyman elèv" tou, ranplase pandan 9 mwa epskeryans. Kredi pou estaj yo dwe verifye pa relve de nòt la <b>ak</b> yon fòmilè verifikasyon estaj ke sipèviziè lekòl la ap siyen, oswa ankò yon lèt lekòl la ap bay sou papye a antèt li.</li> <li>▪ Yon pre estaj, ke yo rele tou "travay sou teren" <b>pa</b> konsidere kòm yon eksperyans ansèyman konplè pou elèv yo, ni li pa konte pou eksperyans travay.</li> </ul>
<b>Direktè 1 (Sètifikasyon Nivo 3)</b>	<p><b>Egzijans Pwofesè Prensipal pi wo yo plis:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• 2 kredi kolèj oswa 3 CEU nan Administrasyon Sèvis Swen Timoun (<i>Kategori 13</i>) <u>epi</u></li> </ul>	<p><b>Egzijans Pwofesè Prensipal pi wo yo plis:</b></p> <p>6 mwa kòm Pwofesè Prensipal</p>

<sup>1</sup> Pou enfòmasyon sou pwogram afilye MACTE a, al gade <http://www.macte.org/affiliates/>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>2 kredi kolèj anplis nan Edikasyon Timoun Pití nan yon kategori etid <i>ki pa</i> Administrasyon Sèvis Swen Timoun (<i>Kategori 13</i>).            (Yon total de 16 kredi)</li> </ul>	
<b>Direktè II (Sètifikasyon Nivo 4)</b>	<b>Egzijans Direktè 1 pi wo yo plis:</b> <b>2 kredi jolèj nan lòt Domèn Administrasyon</b> <i>(Kategori 6, 8, 9, 10, 11, oswa 12)</i> (Yon total de 18 kredi)	<b>Okenn Eksperryans Travay Anplis</b>

## ANÈKS: Keson yo Poze Souvan ~ Edikasyon

---

**1. Si mwen soumèt dokiman orijinal mwen tankou CDA mwen, Montessori, CEU, ak/oswa relve de nòt entènasyonal mwen, èske yap remèt mwen yo?**

Wi, EEC ap retounen dokiman orijinal yo pa kourye sètifye pou'w ka gen kontwòl yo. Tanpri note ke relve de nòt orijinal yon lekòl ameriken ap rete nan men nou pou achiv nou.

**2. Konbyen CEU mwen ka pran?**

Kat CEU (40 èdtan fòmasyon) nan menm kategori etid la egal a twa kredi. Twa CEU (30 èdtan fòmasyon) nan menm kategori etid la egal a de kredi. **CEU yo pa p aplike pou Kwasans e Developman Timoun.** Sèlman twa sou 12 kredi yo mande pou sètifikasyon pwofesè prensipal la ki ka ranplace pa CEU.

**3. Kijan m ap fè konnen si yo aksepte kou mwen pran an?**

Kandida yo ka revize Katalòg Kou Kalifikasyon Pwofesyonèl ak Gid la pou yo ka konfime si EEC apwouve kou a. Se pa yon lis kou konplè; kandida yo ka revize Gfid Kategori Kontni Etid la pou yo ka konfime si kou a aplikab nan Kategori Etid EEC yo. Si kou a pa nan ktalòg la, aplikan yo dwe soumèt yon kopi deskripsyon kou ak pwogram nan ansanm ak aplikasyon yo a. Ou ka gade Katalòg kou EEC a sou sit entènèt li a: <https://www.mass.gov/files/documents/2018/01/26/EEC%20Teacher%20Certification%20Course%20Catalog%20Final%201.3.2018.pdf>

**4. Kijan yo verifye kou Entènasyonal oswa kou ki pa fèt nan leta-a?**

Yap egzamine kou ki bay nan kolèj oswa inivèsite ki pa nan leta-a sou baz deskripsioun kou a ak/oswa pwogram nan. Si'w pa sèten ke se yon kou EEC apwouve, tanpri mete despriksyon kou a ak/oswa pwogram nan lè'w ap aplike. Edikasyon aletranje dwe evalye dabò pa yon ajans ki fè sèvis evalyasyon diplòm ki soti nan lòt peyi epi ki tradui yo an Anglè. Evalyasyon an dwe ekri an kredi kou.

**5. Kijan mwen ka soumèt yon relve de nòt elektwonik?**

EEC aksepte sèlman relve de nòt elektwonik enprime ki gen paj verifikasiyon otantifikasiyon an pou nou ka konfime ke relve de nòt la ofisyèl.

**6. Epi si mwen paka jwenn relve de nòt ofisyèl la paske mwen gen dét nan kolèj oswa inivèsite mwen te etidye-a?**

Malerezman pou kounye a EEC Aksepte relve de nòt ofisyèl sèlman kòm sèl mwayen obligatwa pou valide kou.

**7. Èske EEC aksepte Sètifikasyon Pwofesè ki pa soti nan leta-a?**

Pou kounye a EEC pa aksepte sètifikasyon Pwofesè/Direktè ki pa delivre nan Massachusetts.

- 1. Kijan mwen ka gen eksperyans si mwen pa sètifye pou travay nan yon sant ki gen lisans?**  
Ou ka gen eksperyans kòm asistan pwofesè oswa asistan sal, men lè yo peye ou pa, depi w gen yon pwofesè prensipal ki sipèvize w tanzantan.
- 2. Kijan eksperyans mwen kòm pwofesè nan Fwaye Swen Familyal (An Anglè FCC) ka konte nan sètifikasyon an?**  
Travay ou kòm pwofesè nan Fwaye Swen Familyal Massachusetts ka konte si yo konsidere lisans ou a "an règ;" pa gen Òd Jiridik oswa Sanksyon EEC. Founisè FCC yo dwe soumèt lisans ki pi resan yo a ak aplikasyon-yo-a. EEC ap verifye estati lisans lan ansanm ak sipèvizè FCC-a. Yo pa aksepte eksperyans travay FCC deyò Massachusetts.
- 3. Èske eksperyans travay mwen kòm nounou, pwofesè lekòl dimanch, oswa travay nan gwoup jwèt enpòtan pou sètifikasyon an?**  
Non. Sèlman eksperyans nan gadri ki gen lisans, fwaye swen familyal, matènèl, jaden danfan piblik ou prive oswa pwogram ekivalan ka konte pou sètifikasyon an. Anplis de sa, eksperyans travay nan mizik, boza, edikasyon fizik oswa lòt pwofesè ki pa gen rapò a ansèyman nan klas pap konte pou sètifikasyon an.
- 4. Sant kote mwen te travay Massachusetts la fèmen. Kijan yo ka fè verifye eksperyans travay mwen?**  
Si sant lan te Massachusetts, ou ka ekri yon deklarasyon de eksperyans travay ou, siyen li pou si w ta bay manti epi fè notarye deklarasyon an. EEC ap verifye Sant lan nan sistèm lisans lan.
- 5. Jiska aprè konbyen ane yo ka verifye eksperyans travay mwen?**  
Pa gen yon limit tan pou sa, si enfòmasyon an disponib atravè Jesyonè Lisans lan, LEAD oswa lòt mwayen, EEC ap verifye eksperyans lan.
- 6. Kisa mwen dwe fè si ansyen Direktè/Sipèvizè mwen an pa vle siyen fòmilè Verifikasiyon Eksperyans Travay mwen an?**  
Si w paka jwenn yon fòmilè Verifikasiyon Eksperyans Travay nan men yon ansyen Direktè/Sipèvizè, kontakte EEC nan [eecprofdev@mass.gov](mailto:eecprofdev@mass.gov).
- 7. Kisa mwen dwe fè si yo pa mansyone estaj mwen an nan relve de nòt ofisyèl mwen an?**  
Estaj nan kolèj oswa inivèsite ki akredite dwe verifye pa relve de nòt ofisyèl la ak yon fòmilè verifikasiyon estaj oswa ankò yon lèt lekòl la ap bay sou papye a antèt li ke sipèvizè lekòl la ap siyen.
- 8. Èske eksperyans travay mwen konte si mwen travay nan yon pwogram regilye, men pa chak jou?**  
50 èdtan travay regilye nan yon pwogram ki vo yon mwa eksperyans travay. Eksperyans travay la dwe se nan yon gadri nan gwoup ki otorize a, fwaye swen familyal owa pwogram ekivalan ke EEC aksepte. *Pa egzanp: 10 èdtan travay pa semenn pou 5 semenn afilye nan yon pwogram vo yon mwa eksperyans travay.*

**1. Èske mwen ka fè aplikasyon an sou entènèt, pa imèl oswa faks?**

Pou kounye a EEC aksepte aplikasyon enprime sèlman pou yo voye yo nan Biwo Santral nou nan Boston. Nou pa aksepte aplikasyon pa imèl oswa faks .

**2. Si m aplike pou yon sètifikasyon, men mwen kalifye pou yon bagay ki pi wo, èske y ap ban mwen yon papye ki gen plis valè?**

W ap resevwa sètifikasyon ki pi wo ke ou kalifye pou li a selon dokiman ou te soumèt yo. Si w mande yon sètifikasyon ki siperyè parapò a dokiman ou prezante yo, wap resevwa yon lèt k ap byen esplike w ansanm ak sètifika ki koresponn a papye'w yo.

**3. Si mwen aplike pou yon sètifikasyon, men mwen pa kalifye, kijan m ap fè konnen sa mwen bezwen pou mwen ka fè aplikasyon an?**

W ap resevwa yon lèt ki di'w sètifikasyon ou-a pa konplè ak yon demann detaye de tout lòt enfòmasyon nou bezwen yo. Nap retounen relve de nòt orijinal ak aplikasyon ou an ba ou ak lèt ki di dokiman w yo pa konplè-a. Wap bezwen soumèt tout dokiman yo ankò ansanm ak lòt enfòmasyon ki te manke yo lè w ap re aplike pou sètifikasyon ou an.

**4. Konbyen tan sa ap pran pou m jwenn sètifika mwen an?**

Tanpri verifye paj estati sètifikasyon Pwofesè EEC pou si ta gen nenpòt mizajou nan pwosesis la.  
<http://www.mass.gov/edu/birth-grade-12/early-education-and-care/workforce-and-professional-development/educator-certifications/eec-teacher-certification-application-status-.html>

**5. Kijan mwen ka fè jwenn yon kopi sètifikasyon mwen an?**

Pou w jwenn yon kopi sètifikasyon Pwofesè EEC ou-a, ekri EEC nan [eecprofdev@mass.gov](mailto:eecprofdev@mass.gov). Tanpri sonje ekri tout non w (non jèn fi si li nesesè), dat nesans, epi 4 dènye chif nimewo sosyal ou a.

**6. Èske m ka aplike pou sètifikasyon Pwofesè/Direktè EEC si m se yon kandida ki pa legal oswa ki pa gen "rezidans".**

EEC pa ta dwe sètifye bandida ki pa legal (sa yo ki swadizan pa gen "rezidans", ki pèmèt yo rezide e travay legalman nan peyi Etazini pandan yon peryòd). Gen anpil lwa, federal oswa nan eta yo, ki entèdi moun ki san papye yo pou resevwa "avantaj publik" epi pou yo travay.